DEPATMAN SEKIRITE TERITWA
Biwo Ombudsman Detansyon Imigrasyon an

Kontwòl OMB No. 1601-0030 Dat Ekspirasyon: 04/30/2025

# FÒMILÈ POU ADMISYON KA

Biwo Ombudsman Detansyon Imigrasyon an (OIDO) revize ka yo soumèt yo, oswa ki soumèt nan non moun ki afekte nan move kondwit, fòs ki depase limit, oswa vyolasyon lalwa, dwa, règleman, oswa prensip estanda yo nan anviwònman detansyon imigrasyon Depatman Sekirite Teritwa Ameriken (DHS) an etabli. Li se yon biwo endepandan nan DHS epi li pa fè pati Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn Etazini (ICE) oswa Pwoteksyon Ladwàn ak Fwontyè Etazini (CBP). Tanpri sonje OIDO pa gendwa bay konsèy legal.

## OBJEKTIF FÒM SA

Pou resevwa asistans konsènan yon enkyetid ki gen rapò ak kondisyon detansyon imigrasyon oswa yon ensidan ki te rive pandan ou te nan detansyon imigrasyon, tanpri soumèt fòm sa a. OIDO pral egzamine soumisyon ou a epi, apre verifikasyon, ap chèche rezoud pwoblèm nan epi bay asistans oswa reparasyon jan sa apwopriye.

**Rezon ensidan y ap soumèt fòm sa a dwe gen rapò ak yon akizasyon sou:**

- Move Konduit:
- Fòs depase limit,
- Vyolasyon dwa yon moun ki nan prizon, ak/oswa
- Vyolasyon lalwa, estanda konduit pwofesyonèl, kondisyon kontra, oswa politik ki gen rapò ak kondisyon detansyon imigrasyon.

**EPI**

Swadizan move konduit oswa vyolasyon (yo) dwe te komèt pa:

- Ofisye oswa anplwaye DHS (CBP oswa ICE), ki gen ladan, pèsonèl ki gen kontra, ki soutretan oswa k ap kolabore oswa yon founisè sèvis sou kontra.

**OIDO pa egzamine oswa deside demann pou rekonsidere detèminasyon pou detansyon yon moun, rezon ki fè detansyon imigrasyon sa a, refi demann pou libere nan detansyon imigrasyon (tankou libète oswa libète sou kosyon), oswa estanda pou konsidere demann pou liberasyon.**
Si sitiyasyon w pa satisfè kritè sa yo, oswa pou w wè yon lis lòt mwayen DHS pou bay fidbak oswa depoze yon plent, vizite **https://www.dhs.gov/how-do-i/provide-feedback-dhs**.

## KIYÈS KI TA DWE SOUMÈT FÒM SA A?

- Yon prizonye aktyèl oswa yon ansyen prizonye ki ap chèche asistans konsènan yon enkyetid ki gen rapò ak kondisyon detansyon imigrasyon oswa yon ensidan ki te rive, oswa k ap pase, pandan li nan gadavou nan DHS.
- Yon moun ki soumèt fòm sa a nan non yon prizonye aktyèl oswa yon ansyen prizonye, kòm reprezantan li, ki gen yon enkyetid ki gen rapò ak kondisyon detansyon imigrasyon oswa yon ensidan ki te rive, oswa ki rive, pandan li nan gadavou nan DHS. Sa enkli, men se pa sa sèlman, yon zanmi, yon manm fanmi oswa yon avoka/reprezantan ki akredite.
- Yon moun ki soumèt fòm nan yon fason anonim.

Anplwaye DHS ki vle pote plent ki gen rapò ak akizasyon movèz kondwit ta dwe fè sa nan Biwo Enspektè Jeneral DHS (OIG) ak/oswa Biwo Avoka Espesyal DHS la. Si yon anplwaye DHS soumèt yon akizasyon bay OIDO, y ap refere zafè a bay OIG. Yo raple anplwaye DHS yo kijan li ilegal pou ajans yo pran, oswa menase pou yo pran, yon aksyon pèsonèl kont yon anplwaye paske li divilge sa ki mal. Anplwaye DHS yo ka kontakte Kowòdonatè Pwoteksyon DHS Whistleblower la nan Whistleblowerprotectioncoordinator@oig.dhs.gov pou kesyon konsènan divilgasyon ki pwoteje oswa enfòmasyon konsènan dwa ak rekou pou moun k ap denonse yo.

## ENSTRIKSYON JENERAL POU FÒM SA A

- Tanpri tape oswa ekri an lèt detache aklè avèk plim nwa oswa ble.
- Si w bezwen espas anplis, ou ka tache paj adisyonèl nan fòm sa a.
- Pou kesyon ki pa aplike yo, tanpri ekri "N/A."
- Tanpri tache **kopi yo** nenpòt dokiman oswa enfòmasyon ki pral ede OIDO revize ka a. **Pa voye dokiman orijinal.**
- Fòm sa a pa obligatwa pou soumèt yon ka nan OIDO, epitou li pa obligatwa pou ranpli tout espas yo. Men, yon fòm ki byen ranpli, garanti OIDO resevwa enfòmasyon ki nesesè pou ede ak enkyetid ou. Si ou pa sèvi ak fòm nan, oswa si ou pa ranpli tout espas yo, OIDO ka rankontre reta nan pwosesis la oswa pa kapab ede ak ka w la.
- Pa gen okenn frè pou soumèt yon demann nan OIDO.

## KOTE POU SOUMÈT FÒM SA A

Tanpri soumèt fòm ou an ranpli okonplè, siyen epi mete dat, epi mete ladan l nenpòt dokiman sipò, nan Biwo Ombudsman Detansyon Imigrasyon an nan youn nan mwayen sa yo:

- Imèl: detentionombudsman@hq.dhs.gov
- U.S. Mail ak/oswa Expedited Delivery Services:

Office of the Immigration Detention Ombudsman (OIDO)
Mail Stop 0134
Department of Homeland Security
Washington DC 20528-0134
ATTN: Fòmilè pou Admisyon Ka OIDO (DHS Form 405)

Akòz mezi sekirite ak sistèm lapòs Gouvènman Ameriken an, ka yo voye pa lapòs (menm sa yo voye pa sèvis livrezon rapid) kapab gen reta.

## ENFÒMASYON SOU KA

### Enfòmasyon Sou Moun nan Ki Soumèt Fòm Sa a

1. Mwen se:
   - ☐ Yon prizonye aktyèl oswa yon ansyen prizonye ki ap chèche asistans konsènan yon enkyetid ki gen rapò ak kondisyon detansyon imigrasyon oswa yon ensidan ki te rive, oswa k ap pase, pandan mwen nan gadavou nan DHS.
   - ☐ Yon moun ki soumèt fòm sa a nan non yon prizonye aktyèl oswa ansyen, kòm reprezantan li, ki gen yon enkyetid konsènan kondisyon detansyon imigrasyon oswa yon ensidan ki te rive, oswa ki rive, pandan li nan gadavou nan DHS.
   - ☐ Yon moun ki soumèt fòm nan yon fason anonim.

### Enfòmasyon Konsène Prizonye a

| | | |
|---|---|---|
| 2. Non (Prenon, Dezyèm Non, Siyati): | | 3. Lòt non ou te itilize oswa ki gen chanjman nan òtograf: |
| 4. Dat Ou Fèt: | 5. Sèks<br>☐ Gason ☐ Fi ☐ Lòt | 6. Nimewo Enskripsyon etranje (A-nimewo) (si genyen): |
| 7. Peyi Sitwayènte oswa Nasyonalite (yo): | 8. Peyi kote ou Fèt: | 9. Lang ou Pito: |

**10. Adrès:**

Èske moun nan toujou nan prizon?

☐ Wii ☐ Non

a. Non Etablisman Detansyon an (Si w pa sèten sou non an, bay enfòmasyon jeneral, tankou vil oswa eta, oswa enfòmasyon deskriptif, tankou gwo bilding oswa selil detansyon an, oswa koulè inifòm pèsonèl.)

______________________________________________

______________________________________________

b. Dat yo te Kenbe nan Etablisman an (Si ou pa sèten sou dat egzat yo, bay dat apwoksimatif.)

______________________________________________

Ki enfòmasyon sou ou genyen ou espere apre yo fin libere nan detansyon?
Oswa si yo pa nan prizon kounye a, ki enfòmasyon sou kontak ou genyen?

c. Adrès Postal: Adrès Ri, Apatman/Suite, Vil, Eta, Zip/Kod Lapòs, Peyi

______________________________________________

______________________________________________

d. Adrès Imèl: ______________________________________________

e. Nimewo Telefòn: ______________________

**Enfòmasyon sou Kote Ensidan an oswa Pwoblèm nan Te Rive**

11. Èske ensidan an oswa pwoblèm nan te rive nan yon sant detansyon?

a. ☐ Wi

Non Etablisman Detansyon an (Si w pa sèten sou non an, bay enfòmasyon jeneral, tankou vil oswa eta, oswa enfòmasyon deskriptif, tankou gwo bilding oswa selil detansyon an, oswa koulè inifòm pèsonèl.)

____________________________________________

____________________________________________

b. ☐ Non

Bay eksplikasyon sou kote ensidan an te rive:

____________________________________________

____________________________________________

____________________________________________

____________________________________________

**Enfòmasyon sou Kote Ensidan an oswa Pwoblèm nan Te Rive**

12a. Kategori (Chwazi yon kategori ki pi byen dekri ensidan an oswa pwoblèm nan.):

| | |
|---|---|
| ☐ Pwoblèm Abi oswa Atak | ☐ Pwoblèm Medikal/Sante Mantal oswa Swen Sante |
| ☐ Kontak ak Kominikasyon | ☐ Pwopriyete |
| ☐ Akomodasyon pou Enfimite | ☐ Relijye |
| ☐ Anviwònman Etablisman | ☐ Konsiderasyon Espesyal pou Timoun ak Fanmi |
| ☐ Aksè Legal | ☐ Sèvis Tradiksyon ak Entèpretasyon |

12b. Sou-kategori (Tanpri ekri yon sou-kategori ki soti nan lis ki nan Atachman an):

13. Deskripsyon Ensidan oswa Pwoblèm nan (Tanpri bay yon eksplikasyon detaye sou ensidan an oswa pwoblèm nan epi presize reparasyon oswa koreksyon prefere yo.)

14. Dat ensidan an (yo) (Si ou pa sèten sou dat egzak yo, bay dat apwoksimatif.)

**Aksyon yo pran pou Rapòte Ensidan an epi Chèche yon Koreksyon oswa yon Reparasyon**

15. Èske ensidan an oswa pwoblèm lan te diskite ak pèsonèl nan etablisman an?

☐ Wi :

a. Èske yo te depoze yon doleyans oswa yon plent fòmèl? ☐ Wi ☐ Non

b. Si medikal, èske yon koutfil pou demann malad? ☐ Wi ☐ Non

c. Lòt: ________________________________________

☐ Non

16. Èske ensidan an oswa pwoblèm yo te rapòte bay youn nan sa annapre yo?

- [ ] Liy Enfòmasyon ak Rapò Detansyon ICE (DRIL) (ICE Detention Reporting and Information Line )(DRIL) (888-351-4024)
- [ ] Biwo Responsablite Pwofesyonèl Joint Intake Center (JIC) (877-2INTAKE)
- [ ] DHS Biwo pou Dwa Sivil ak Libète Sivil (CRCL) (866-644-8360)
- [ ] Biwo Enspektè Jeneral DHS (OIG) (800-323-8603)
- [ ] U.S. Health and Human Services, Biwo pou Re-ajisteman Refijye yo (si ensidan te rive pandan pandan w te nan
- [ ] gadavou nan DHS) Lòt (pa egzanp, Chaplain): ____________________
- [ ] Okenn nan repons anwo yo

17. Dekri nenpòt lòt biwo ou te kontakte oswa aksyon ou te pran pou adrese ensidan an oswa pwoblèm nan:

**Enfòmasyon sou Idantite Moun ki Soumèt Fòm sa a**

18. Mwen se:

- [ ] Yon prizonye ki mansyone anwo a ki ap chèche asistans konsènan yon enkyetid ki gen rapò ak kondisyon detansyon imigrasyon oswa yon ensidan ki te rive, oswa k ap pase, pandan mwen nan gadavou nan DHS.

Mwen sètifye, atravè siyati mwen, anba penalite pou fo temwayaj dapre lwa Etazini yo, ki gen ladan 28 U.S.C. § 1746, enfòmasyon mwen bay yo se verite epi yo kòrèk, epi mwen se yon moun ki te fè fas oswa ki ap fè fas ak difikilte pandan mwen nan detansyon imigrasyon ak Depatman Sekirite Nasyonal Ameriken an. Mwen konprann nenpòt falsifikasyon nan deklarasyon sa a pinisab anba dispozisyon lwa 18 U.S.C. § 1001 ak yon amann ki pa plis pase $10,000 oswa anprizònman pa plis pase senk (5) ane oswa toulède, epi mande oswa jwenn nenpòt dosye (yo) anba fo pretansyon sa pinisab anba dispozisyon lwa 5 U.S.C. § 552a (i)(3) avèk yon amann ki pa plis pase $5,000.

Siyati: ____________________ Dat la: ____________________

- [ ] Yon moun ki soumèt fòm sa a nan non yon prizonye aktyèl oswa ansyen, kòm reprezantan li, ki gen yon enkyetid konsènan kondisyon detansyon imigrasyon oswa yon ensidan ki te rive, oswa ki rive, pandan li nan gadavou nan DHS.

Tanpri sonje OIDO rekòmande ak tout fòs li dwe resevwa yon avi konsantman alekri, ki siyen pa prizonye a (oswa gadyen legal prizonye a si li poko gen laj 18 an) pou moun yo soumèt Fòm pou Admisyon Ka sa a pou pèmèt OIDO divilge enfòmasyon ba ou. Men, si ou pa kapab resevwa konsantman alekri nan men prizonye a, siyati w anba a sètifye ke, anba penalite pou fo temwayaj dapre lwa Etazini an, ki gen ladan 28 U.S.C. § 1746, ou se yon moun k ap soumèt fòm sa a nan non yon prizonye, kòm reprezantan li, moun ensidan an te rive a, oswa k ap fèt, pandan li nan gadavou DHS. Mwen konprann nenpòt falsifikasyon nan deklarasyon sa a pinisab anba dispozisyon lwa 18 U.S.C. § 1001 ak yon amann ki pa plis pase $10,000 oswa anprizònman pa plis pase senk (5) ane oswa toulède, epi mande oswa jwenn nenpòt dosye (yo) anba fo pretansyon sa pinisab anba dispozisyon lwa 5 U.S.C. § 552a (i)(3) avèk yon amann ki pa plis pase $5,000. San konsantman apwopriye, OIDO ka pa kapab enfòme moun ki soumèt yon ka ak/oswa rezilta ka a.

a. Relasyon ak Prizonye a:

- [ ] Paran/Gadyen Legal
- [ ] Konjwen
- [ ] Timoun
- [ ] Avoka
- [ ] Yon reprezantan akredite nan yon òganizasyon relijye, charitab, sèvis sosyal oswa jand de òganizasyon sa yo ki etabli Ozetazini epi Depatman Jistis la rekonèt dapre 8 C.F.R. § 1292.1.
- [ ] Lòt ____________________

b. Non (Prenon, Dezyèm Non, Siyati): ____________________

c. Adrès Lapòs Moun nan: Adrès Ri, Apatman/Suite, Vil, Eta, Zip/Kod Lapòs, Peyi:

____________________

____________________

d. Kabinè Avoka/Òganizasyon (Si genyen): ____________________

e. Adrès Lapòs Òganizasyon nan: Adrès Ri, Apatman/Suite, Vil, Eta, Zip/Kod Lapòs, Peyi:

____________________

____________________

f. Adrès Imèl: ____________________ g.Nimewo Telefòn: ____________________

Siyati: ____________________ Dat la: ____________________

☐ Yon moun ki soumèt fòm nan yon fason anonim. Akòz nati anonim nan soumèt fòm lan, pa gen okenn enfòmasyon konsènan ka a ak / oswa rezilta yo pral bay moun ki soumèt la.

## AVI LEGAL

### Sanksyon Lè w Soumèt Enfòmasyon ki pa Kòrèk

Nenpòt moun ki volontèman ak konsyan falsifye yon reyalite enpòtan, fè yon fo deklarasyon, oswa fè itilizasyon fo dokiman yo pral peye amann jiska $10,000, anprizònman pou jiska senk (5) ane, oswa toulède. 18 U.S.C. §1001. Mande oswa jwenn nenpòt dosye (yo) sou fo pretansyon se pinisab anba dispozisyon lwa ki nan seksyon 5 U.S.C. §552a(i)(3) ak yon amann ki pa plis pase $5,000.

### Otorite pou Kolekte Enfòmasyon

Fonksyon Biwo Ombudsman Detansyon Imigrasyon an se pou:

(1) Etabli ak administre yon pwosesis endepandan, net, ak konfidansyèl pou resevwa, envestige, rezoud, ak bay reparasyon, ki gen ladan referans pou envestigasyon nan Biwo Enspektè Jeneral la, referans bay Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ameriken pou sekou imigrasyon, oswa nenpòt lòt aksyon yo detèmine ki apwopriye, pou ka kote ofisye Depatman Sekirite Enteryè (DHS) oswa lòt pèsonèl, oswa pèsonèl ki gen kontra, ki soutretan, oswa ki kolabore, yo jwenn ki te angaje nan move konduit oswa vyole dwa moun ki nan detansyon imigrasyon;

(2) Etabli yon pwosesis aksesib ak estanda konsènan plent kont nenpòt ofisye oswa anplwaye Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè Etazini oswa Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn Etazini, oswa nenpòt pèsonèl ki gen kontra, ki soutretan oswa ki kolabore, pou vyolasyon lalwa, estanda konduit pwofesyonèl, kondisyon kontra, oswa politik ki gen rapò ak detansyon imigrasyon;

(3) Fè enspeksyon san yo pa anonse nan sant detansyon kote yo kenbe moun nan prizon federal imigrasyon, ki gen ladan sa yo posede oswa opere pa inite nan Eta a oswa gouvènman lokal an ak etablisman yo posede oswa opere an prive;

(4) Revize, egzamine, epi fè rekòmandasyon pou adrese enkyetid oswa vyolasyon kondisyon kontra yo idantifye nan revizyon, odit, envestigasyon, oswa entèvyou prizonye konsènan enstalasyon ak sèvis detansyon imigrasyon;

(5) Bay asistans bay moun ki afekte nan move konduit potansyèl, fòs twòp, oswa vyolasyon lalwa oswa estanda detansyon pa ofisye DHS oswa lòt pèsonèl, oswa pèsonèl ki gen kontra, ki soutretan oswa ki kolabore;

(6) Asire pou fonksyon Ombudsman ap fè yo konplemantè ak fonksyon ki egziste deja nan Lwa 2002, Pub. Sekirite Teritwa DHS la L. No 107-296, § 405(b) (kodifye nan 6 U.S.C. § 205(b)), jan sa te ajoute nan Consolidated Appropriations Act, 2020, Pub. L. No. 116-93,§106 (2019).

## Lwa sou Konfidansyalite 1974

Tout enfòmasyon yo soumèt bay Biwo Ombudsman Detansyon Imigrasyon an (OIDO), yo kolekte epi pwoteje yo dapre dispozisyon Lwa sou Konfidansyalite 1974, 5 U.S.C. § 552a. Lè w soumèt enfòmasyon sa yo bay OIDO, konsantman w pèmèt OIDO mennen ankèt sou nenpòt move konduit oswa vyolasyon ki gen rapò ak detansyon imigrasyon.

**OTORITE:** DHS gen otorizasyon pou l kolekte enfòmasyon yo mande nan fòm sa a dapre seksyon 405 Lwa 2002 pou Sekirite Enteryè, Pub. L. No 107-296, (kodifye nan 6 U.S.C. § 205), jan sa te ajoute nan Lwa Apwopriyasyon Konsolide, 2020, Pub. L. No. 116-93, 133 Stat. 2504.

**OBJEKTIF:** DHS Office of the Immigration Detention Ombudsman (OIDO) ap mande enfòmasyon sa yo pou rezoud ka yon moun te prezante oswa pou envestigasyon konsènan vyolasyon lalwa potansyèl, dwa endividyèl, estanda konduit pwofesyonèl, kondisyon kontra, oswa politik ki gen rapò ak detansyon imigrasyon pa nenpòt ofisye oswa anplwaye CBP, ICE, oswa nenpòt pèsonèl ki gen kontra, ki soutretan oswa ki kolabore.

**ITILIZASYON WOUTIN:** Yo ka pataje enfòmasyon yo mande nan fòm sa a avèk DHS dapre nesesite yo genyen pou konnen ak ekstèn dapre itilizasyon woutin pou ede DHS nan revize ak rezoud plent yo. Ou ka jwenn yon lis konplè sou itilizasyon woutin yo nan sistèm dosye avi ki asosye ak fòm sa a, tankou DHS/ALL-020 Depatman Sekirite Entèn Afè Entèn ak DHS/ALL-025 Otorite Lapolis pou Sipò Pwoteksyon Pwopriyete yo , Okipe, oswa Sekirize pa Sistèm Dosye Depatman Sekirite Nasyonal la. Anplis de sa, DHS planifye pou pibliye yon nouvo SORN pou kouvri dosye ak itilizasyon yo ak koleksyon OIDO, ki rele DHS/OIDO-001 Biwo Sistèm Dosye Ombudsman Detansyon Imigrasyon an. Pou moun sa yo ki pa kouvri anba Lwa sou Konfidansyalite a, ou ka jwenn plis enfòmasyon nan Evalyasyon Enpak sou Konfidansyalite a, DHS/OIDO/
PIA-001 Sistèm Jesyon Ka Detansyon Imigrasyon. Ou kapab jwenn tout detay yo nan sit wèb . **https://www.dhs.gov/privacy**.

**KONSEKANS KI GENYEN LÈ W PA BAY ENFÒMASYON:** Li volontè pou bay enfòmasyon sa yo. Men, si w pa bay enfòmasyon sa yo, sa ka lakòz DHS pa kapab trete oswa mennen ankèt sou plent la.

## Avi sou Lwa sou Rediksyon Dokiman

Yon ajans pa ka fè oswa patwone yon koleksyon enfòmasyon, epi yon moun pa oblije reponn a yon koleksyon enfòmasyon, sof si li montre yon nimewo kontwòl Biwo Jesyon ak Bidjè (OMB) ki valab kounye a. Responsablite pou rapò piblik la pou koleksyon enfòmasyon sa yo estime a 1 èdtan pou chak repons, enkli tan pou revize enstriksyon yo, ranpli fòm nan, ak soumèt fòm nan. Voye kòmantè konsènan estimasyon gwo travay sa a oswa nenpòt lòt aspè rasanblaj enfòmasyon sa yo, tankou sijesyon pou redui nan gwo travay sa a ba: Office of the Immigration Detention Ombudsman, Mail Stop 0134, Department of Homeland Security, Washington, DC 20528-0134, OMB No. 1601-NEW.

Anba w ap jwenn yon lis konplè Kategori ak Sou-Kategori pou itilize nan kesyon 12.

• Abi oswa Atak
Fizik
o Seksy
èl oswa
Vèbal
• Kontak ak Kominikasyon
o Kominikasyon ak Pati Eksteryè ak Prizonye
oswa Kominikasyon ak Anplwaye ak Prizonye
yo
• Akomodasyon pou Moun ki gen Andikap
o Asistans nan
Kominikasyon oswa Aksè
nan Etablisman
• Anviwònman nan
Etablisman oswa
Admisyon
o Prizonye ki Sove
o Sante ak Sekirite nan Anviwònman:
o Twòp Tan Pase nan Gadavou/Detansyon
oswa Sèvis Manje
o Lesiv
o Demann Maryaj
oswa Aksè
Medya/Vizit oswa
Ijyèn Pèsonèl
o Gad Pwoteksyon
oswa Rekreyasyon
o Otorizasyon
o Klasifikasyon Sekirite
oswa Move Konduit
Anplwaye yo
o Transpò
o Pwogram Travay Volontè
• Aksè Legal
o Kominikasyon ak Reprezantan Legal oswa
Bibliyotèk Legal
o Dokiman Legal/Lapòs
o Prezantasyon Legal ak Pwogram yo
• Enkyetid medikal/Sante Mantal oswa Swen
Medikal oswa Direktiv Davans
o COVID-19
o Lanmò Prizonye
o Repons Ijans oswa
Grèv Grangou
o Neglijans Medikal oswa Refi pou
pran Swen oswa Sante Mantal
o Founisè Medikal oswa
Sante Fizik Ekstèn
o Apèl pou Maladi
o Tantativ Swisid
oswa Maladi
Tèminal
• Pwopriyete
o Korespondans ak Lòt Mesaj
Lapòs oswa Lajan
o Pwopriyete
Pèsonèl oswa Vòl
• Relijye
o Lamanjay
o Pratik
oswa
Pwopriyete
• Konsiderasyon Espesyal pou Timoun ak Fanmi
oswa Separasyon Fanmi
o Bezwen Espesyal
o Demann Transfè
oswa Tchèk pou
Byennèt
• Sèvis Tradiksyon ak Entèpretasyon
o Konpetans/Kalite Entèpretasyon (Vèbal)
oswa Konpetans/Kalite Tradiksyon (Ekri)